Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса Гали-хIажи

www. mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 40 (6560) 7 август 2017 с. Итни ЗулкъагIида 1438 с. Багьа 5 гъур.

ЧАРАН КИН ЛЪАДАРАРАБ

## Аргъваниса Шамил ИсхIакъовасул тхэквондоялъул мацI

### Сурдлимпиялъул хIаязул гIарцулав призерлъун вахъана тхэквондист Шамил ИсхIакъов

**2017 соналъул 31 июлалда МахIачхъалаялъул аэропорталда дандчIвай гьабуна Сурдлимпиялъул хIаязда тхэквондоялъул рахъалъ гIарцулав призерлъун вахъарав Бакълъулазул районалъул Аргъвани росулъа Шамил ИсхIакъовасда.**

Олимпиялъуласда дандчIвазе рачIана Бакълъул районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев, эркенаб гугариялъул рахъалъ олимпиялъул ва дунялалъул чемпион **ХIажимурад МухIамадов,** Дагъистан Республикаялъул физическияб культураялъул ва спорталъул министрасул заместитель **Зайнал Салаудинов,** спортсменасул росуцоял, ракьцоял.

«Баркула Шамил ИсхIакъовасда Сурдлимпиадаялъул медаль щвей. Гьеб ккола спортсменасулги гьесул тренеразулги гIаммаб бергьенлъи, Россиялъеги, Дагъистаналъеги, Бакълъул районалъеги кIудияб байрам. Баркула спортсменасул тIолабго командаялдаги гьеб



шапакъат. Гьединго бокьун буго баркала загьир гьабизе спортсменазул кидаго рахъкколеб Дагъистан Республикаялъул физическияб культураялъул ва спорталъул министерствоялъе», – ян абуна, баркиялъулаб кIалъай гьабулаго, ХIажимурад МухIамадовас.

Спортсменасулгун дандчIваялда художественияб церерахъин гIуцIана Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Бакълъул централъул хIалтIухъабаз.

Сурдлимпиада ккола гIинда жо рагIиялъе къварилъи бугел спортсменазул къец. Паралимпиадаялда дагьал бигьалъаби рукIунел ратани, Сурдлимпиадаялда спортсменал церерахъуна, тIубанго сахал спортсменал Олимпиадабазда рахъунел гIадин. Аргъваниса тхэкводнист Шамил ИсхIакъов лъимерлъудасаго тIубан гIинкъав ва мацI лъаларев вуго. Гьесул къеркьеялъ, гьесул мисалалъ бихьизабулеб буго инсанасул къуватги бажариги, жинда цебе масъала лъуни, гIадамасда гьеб тIубазабизе кIолеб букIин.

Самсуналда (Турция) тIоритIарал Сурдлимпиялъул хIаязда Россиялъул спорсменаз тIоцебесеб бакI ккуна, Россиялъул командаялъе щвана 199 шапакъат (85 меседил, 53 гIарцул, 61 мазгарул).

**ГIизудинил ХIамзат**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА…

# Бульдозерал ва тIабигIияб газ

### Пачалихъияб Думаялъул депутат ГIабдулмажид Маграмовас бакълъулал къабул гьаруна

**«Цогояб Россия» партиялдасан Россиялъул Пачалихъияб Думаялде депутат ГIабдулмажид Маграмов 27 июлалда хIалтIулаб сапаралъ Гумбет районалде вачIана ва гIадамал къабул гьаруна. Депутатасда дандчIвай гьабуна Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ХIажимурад МухIамадовас, гьесул заместителаз ва администрациялъул аппаратальул хIалтIухъабаз.**



ГIабдулмажид Маграмов щвана районалъул централияб больницаялде, халгьабуна гьенир гIуцIун ругел шартIазул, палатабахъе ваккун унтаразулгун гара-чIвари гьабуна, тохтурзабазда къваригIараб щиб бугоян цIехана. БетIерав врачасул заместитель **МухIамадхIабиб Абакаровас** абуна унтаразе хъулухъ гьаби лъикI гIуцIун бугин, Гумбеталда сахгьаризе мадугьалихъ ругел районаздасаги унтарал рачIунин, цIакъго хIажалъи ккани, гIадамазул гIумру хвасар гьабизелъун, хирургаз ва медхIалтIухъабаз цIакъго захIматал операцияльцин гьарулин.

Тохтурзабаз депутатасда абуна больницаялда цо-цо оборудование басралъун бугин ва гьарана ресбатани, медицинаялъул аппаратал цIиял щвеялъе кумек гьабеян.

ГIабдулмажид Маграмовас цебеккунги кумек гьабун букIана Гумбет районалъул больницаялъе медикаментаздалъун, катаналдалъун ва цогидал сурсатаздалъун. Депутатас рагIи кьуна хадубккунги кумек гьабизе.

Хадув депутат районалъул нухмалъулелгун щвана щибаб соналъ хIисаб гIелмуялъул Роолил школа хIалтIулеб ва Дагъистаналъул районаздаса, шагьараздаса лъимал рачIунеб МелъелтIа пагьму-гьунар бугел лъималазул интернаталде.

«ХIисаб гIелму ккола гIелмабазул хан. Гьеб хIажалъулареб магIишатияб бутIа гьечIо. Дун вохана хIисаб гIелму лъазабизе роолил каникулазул заманалдаги школлъимал гьенире рачIун рукIиналдаса, лъай камил, гъварид гьабизе бахъулеб хIаракаталдаса», - ян абуна Маграмовас.

«Районалда санагIатал шартIал гIуцIун руго гIолеб гIелалъе цебетIей щвеялъе. Роолил школалъул цIалдохъабазул, гьениб хIисаб гIелму малъизе рачIарал мугIалимазул нижеца тIалаб-агъаз гьабула, сундулъго рахъккола. Гьел щола библиотекабазде, музеялде, спортивиял залазде, лъедолеб бассейналде ва цогидалги бакIазде. МелъелтIа интерналалъул нухмалъулев **Лабазан ХIажиев** вуго гIемер соназ Москваялда хIалтIун хадуб гIагараб районалде вачIарав мугIалим, гьес къуват ва хIалбихьи буссинабун буго интернаталъул хIалтIи цебетIезабиялде. Районалъул нухмалъулел кидаго хIадур руго интерналалъе, школалъе кумек гьабизе, щай абуни, гьениб тарбия, лъайкьолеб буго район ва республика цебетIезабизе бугеб цIияб гIелалъе», - ян абуна Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ХIажимурад МухIамадовас.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



РагIалда сангар бараб Сурхайил Щулияб гохI… -2 гьум.



Россиялъул президент вищиялде хIадурлъи -2 гьум.



Мурадбег МухIамадовас бергьенлъи босана грэпплингалъул рахъалъ турниралда -3 гьум.



Бергьана инхвал ва мелъел -3 гьум.

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ…

# РагІалда сангар бараб Сурхайил Щулияб гохI…

### ГІахьалчІиса МуртазагІали-хІажиясул асаразул аслияб тема – Кавказалъул рагъ

**Щибаб моцIалда къватIибе бачIунеб «Миллат» басмаялъул «Адабияталъул сагIат» передачаялда 2017 соналъул июлалда гьоркьоб лъуна гIалимчи ва шагIир ГIахьалчIиса МуртазагIали-хIажиясул гIелмиябгун назмияб хазина.**



«Адабияталъул сагIат: ГIахьалчIиса МуртазагIали-хIажи» абураб гьеб гургинаб столалда «Миллаталъул» редакциялда гIахьаллъана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул авар адабияталъул секциялъул нухмалъулев, «Гьудуллъи» журналалъул редактор МухIамад ПатахIов, МагIарул басмабазул цолъиялъул нухмалъулев, РАНалъул ДНЦялъул ИЯЛИялъул соискатель, литературовед МухIамадрасул ГIумаров ва ГIахьалчIиса МуртазагIали-хIажиясул наслуялъул чи, тIадегIанаб категориялъул тохтур ГьазимухIамад ГьазимухIамадов.

Данделъиялъул гIахьалчагIаз бицана ГIахьалчIиса МуртазагIали-хIажиясул асаразул аслияб тема КIудияб Кавказалъул рагъ букIанилан, живго шагIир гьеб рагъулъ гьазаваталда вагъулевги вукIанин. Кьалда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ Шамил имамас шапакъатги кьун букIун буго гьесие.

«Имамзабазде» абураб машгьураб тарихияб поэмаялда 1839 соналъул риидал АхIулгохIда рагъда букIараб гьадинаб сипат-сурат, жакъа бугеб гIадин, цебечIезабулеб буго ГIахьалчIиса МуртазагIали-хIажияс.

…Лъабабизе вахъарав имам Шамил вукIана,
Жигьадалъе къвал бана, къварилъаби раччана,
Диналде халкъ ахIизе, рухI бичун, кIвекIарана.
Диналъул тушбабазул боял рихххизаруна,
Гьезул хъалаби рахъун, нахъегIан чIезаруна.
Сордо борчIун, къо рукIкIун, къварилъи тIаде босун,
Расуласул шаригIат тIибитIизе гьабуна.
ГIурус пачаясулгун ссунареб кьалги ахIун,
Бугъа гIадин, къеркьолев кьоло щуго сон бана.
Кваркьи-милъир гьечIони, цIудуца чан чIваларо,
ЦIудуе куркьби гIадин, агIваналги рукIана.
ХIабибасул бол бетIер багъадур Халид гIадин,
Халкъалда цIар рагIарав ХIажимурад вукIана.
Алжаналъул тахида таги мун, ХIажимурад,
Мун камидал гурони, капурлъи тIаде къачIо.
… Имам Шамилил шамлу шагърабазда бикьарав,
ШаригIаталъул дугъал дияназулъ рорхарав,
Мугъажиразул бетIер, боязулги цевехъан
Ахъбердил МухIамадги вукIаравинха цо вас.
Накъира пун, къали чIван, къойилго тIаде гьолел
ТIавагъитазул бидулъ хвалчаби лъадарарал
Хириясул ГIалибег, дов Колоса Сурхайги
Кинал ратанайилан гьикъе АхIулгохIалда.
РагIалда сангар бараб Сурхайил Щулияб гохI,
Сурхай, мун чIваралдаса чIегIер бараб бахъичIо.
Хунзахъа ГIалибегил бахIарчилъи бихьидал,
Бихьинасги цIуяги гIажаиблъи гьабуна.
ГIарадаялъ тIураб гьеж тIомода бан хутIидал,
Хвалчаца цояб квералъ, хIатIикье ккун, къотIана.
КIиябго гьеж гьуригIан гьазаваталъ чучичIев,
Чорхолъа рухI босзегIан хIал хисизе биччачIев
Щулалъул гохIил шагьид, Рихьуниса багьадур
Балал МухIамад анищ цо хвалченгун виччазе.
ГIашилтIаса Малачи, чармил ракI гьураб гьалбацI,
Чан капурчиясулдай дуца бетIер къотIараб?

Гьеб асаралда рехсон руго исламалъул ва Кавказалъул тарихалъулъе жидер цIарал арал, эркенлъиялъе ва диналъе гIоло рухIал ричарал бахIарзазул цIарал. Гьеб хIужаялъ жеги борхизабула рехсараб назмуялъул даража, литературияб гуребги, тарихиябгун документалияб асарлъун, заманаялъул нугIлъун гьабула гьеб къасидат.

Имам Шамилил шавкат кутакалда билълъана,
Щун бачIунеб гIор гIадин, гIажаибго бачIана.
Цо лъагIалида жаниб анцIго хъала бахъана,
БетIергьанас патхIу къун, путухIатал лъугьана.
Рорхатал мугIрул гIадал, гIалимзаби рукIана,
ГIелму тагIаллумалъул таж ботIрода букIана.

Имаматалъул къуват бергьарал соназул хIакъалъулъ гьал тIадехун рехсарал мухъал хъван руго ГIахьалчIиса МуртазагIали-хIажияс. Киналго мукIураб хIакъикъат ккола Имаматалъул заманалда Кавказалда кутакалда гIелму цебетIун букIин. Шамил имамас кIудияб кIвар кьолаан цIиял гIелазда гIелму лъазабиялде. Академик ХIамзатил ХIажияс хасаб мажмугI хъвана Имаматалда адабият цIилъиялъул (ренессанс) хIакъалъулъ. Гьеб заманалда нилъер халкъалда жанир загьирлъарал гIалимзабазул ва шагIирзабазул кьерда мустахIикъаб бакI ккола ГIахьалчIиса МуртазагIали-хIажияс.

1826 соналда гьавурав МуртазагIали-хIажи къадаралде щвана 1925 соналда. Гьесда бихьана кIиго гIасру ва чанго батIияб гIуцIи, амма бищунго гьесие рекъолеб низам, гьайгьай, Имаматалъул букIана.

ЛъабцIул лъелго хIежги борхун буго МуртазагIали-хIажияс. Гьесда лъалаан Шамил имамги, цоги машгьурал пачалихъиялгун гIелмиял хIаракатчагIиги. Гьесул гьудуллъи-гьалмагълъи букIана Инхоса ГIали-хIажиясулгун, Игьалиса Чупаласулгун, БакъайчIиса ЧIанкIалгун ва цогидалги гIалимзабазулгун ва шагIирзабазулгун. Агълуялъ агълу балагьула. «Ябуялъ – ябу, юргъаялъ – юргъа», – гьединаб аби буго магIарулазул.

«Адабияталъул сагIат: ГIахьалчIиса МуртазагIали-хIажи» абураб данделъиялда гьев гIалимасул ва шагIирасул рухIияб дуниялалде дагъабго гордо къирана «Миллаталъ». Тавпикъ кьеги нилъее халкъалъул рухIияб хазина лъазе, цIунизе, гьеб байрахълъун ккезе. ГIахьалчIиса МуртазагIали-хIажиясул ва цоги гIалимзабазул баракатги шапагIатги камугеги нилъее. Амин.

**ГIизудинил ХIамзат**

СОВЕТАЗДЕ ЩАЛ РИЩИЛЕЛ

# Россиялъул президент вищиялде хIадурлъи

### Дагъистаналъул рищиязул комиссиялъул секретарь Халид Халидовасул сапар

**Гумбет районалде кIиабилеб августалда хIалтIулаб сапаралъ вачIана Дагъистан Республикаялъул рищиязул комиссиялъул секретарь Халид Халидов. Гьевги «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ХIажимурад МухIамадовги гIахьаллъун, Россиялъул Халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централда тIобитIана Бакълъул мухъалъул росабалъ гIуцIараб 38 участковияб рищиязул комиссиязул членазул, росабазул бегавулзабазул цадахъаб данделъи.**

Данделъи рагьана Гумбет районалъул рищиязул комиссиялъул нухмалъулев ГIабдулмажид Амагаевас. Гьес абуна районалда рищиял тIоритIулаго ахирияб 10 соналъ гьезул иналда тIасан гIарза хъаялъул хIужа ккечIин. 2018 соналъул марталда тIоритIизе ругел рищияздеги районалъул рищиязул комиссиязул членал лъикIаб хIадурлъиигун рачIине кколин. ТIадчIей гьабуна рищиял тIоритIиялъулъ ругел цоцо хиса-басиязда. Масала, протоколал квералъ хъвачIого, компьютераздасан ритIизе руго, гьелъ рес кьезе буго дагIба-рагIи ккунгутIизе, гьалатIал риччангутIизе. КъватIиса вачIарав чияс гIарза кьезе ккола рищиял тIоритIулеб къоялъ бугеб бакIалда гьаракь кьезе, гьеб участковияб комиссиялде.

Данделъи бачунев Амагаевас кIалъазе рагIи кьуна республикаялъул рищиязул комиссиялъул секретарь Халид Халидовасе. Гьес лъикIаб къимат кьуна Гумбет районалъул рищиязул комиссиялъул хIалтIуе. ХIалтIи лъикI гIуцIиялъе гIоло ХIайбула ГIабдурахIмановасе, Салимат ХIамидовалъе, Мурад Расуловасе республикаялъул рищиязул комиссиялъул рахъалдасан, ТИКалъул нухмалъулев ГIабдулмажид Амагаевасе Дагъистаналъул бетIерасул рахъалдасан ХIурматалъул грамотаби церегIанго щун рукIана.

Абуна киса-кибего гIадин, Гумбеталдаги участковиял рищиязул комиссиязул членазул лъаялъул хал гьабизе тестирование гьабизе бугин.

ХIалтIулаб сапаралъ вачIарав Халидовасе баркала загьир гьабуна кIалъазе вахъарав Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуралев ХIажимурад МухIамадовас.

Участковиял рищиязул комиссиязул членазул лъай борхизабиялъе, хIалбихьи цоцазе гIахьал гьабиялъе тIоритIарал данделъабазул, гара-чIвариязул, малъа-хъвазул, суалазе жавабал кьеялъул ва цогидалги тадбиразул хIасил кинабдай ккун бугоян хал гьабизе, гьеб данделъиялда тестирование гьабуна.

**КъурмагьизХIадисова**

# Бульдозерал ва тIабигIияб газ

**(Авал-тIоцебесеб гьум.)**

Гумбет районалъул администрациялъул минаялда ГIабдулмажид Маграмовас тIаде гIадамал къабул гьаруна. Гьез рорхана социалиял, лъайкьеялда, росдал магIишаталда, нухазда, газалда хурхарал суалал. ГIадамал къабул гьариялда гIахьаллъана районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ХIажимурад МухIамадов.

«Сельсовет“Игалинский”»росдал поселениялъул бетIер **ХIажимурад МухIамадовас** борхана росу гьекъолеб лъедалъун хьезабиялъул суал. Гьеб муниципалитеталда гьоркьобе уна 4 росу ва гьениб яшав гьабулел гIадамазул къадаралъул рахъалъги районалда тIоцебесеб бакIалда буго. Бегавулас гьарана росулъе лъим бачиналъул суал гIумруялде бахъинабиялъе квербакъи гьабеян.

Маграмовас загьир гьабуна гьеб суал тIубазабиялъе кумекалъе хIадурав вукIин, гьеб программаялъул жавабиял республикаялъул бутIрузулгун дандин бан.

«Сельсовет “Цунди-Щабдухский”» росдал поселениялъул бетIерасул заместитель **Мавлидин Мурадовас** бицана МелъелтIа - Щабдухъ – ИчичIали 13 километр халалъиялда нухалъе хъулухъ гьабизе техника гьечIолъиялъ, автотранспорт хьвадизе санагIат гьечIеб хIалалда букIиналъул. Депутатасда гьарана бульдозер щвеялъе кумек гьабеян. Нухазда тIасан гIарз букIана ЧIикь, Данухъ ва цогидалги росабалъа гIадамазулги. Депутатас абуна бажарараб кумек гьабилилан.

«Село Данух» росдал поселениялъул бетIер **МухIамад КъурбангIалиевас** депутатасе загьир гьабуна Хасавюрт районалъул ракьалда бугеб ЦIияб Данухъ росулъ лъималазул ах, спортивияб зал гьечIолъи ва гьел раялъе кумек гьабеян абуна.

ГIадамаз борхана Гумбет район газалдалъун хьезабиялъул суал. Бакълъулазул ракьалдасан цогидал районазде унел руго газ бачарал мухъал ва буго газ бикьулеб лъабго станция.

Хаслихълъиялъулгун хасалил заманалда школалда хинлъи чIезабиялъул хIакъалъулъ суал борхана МелъелтIа аслияб школалъул нухмалъулей **Зульфия ХIажимурадовалъ**. Районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас** бицана муниципалитеталъул лъайкьеялъул учреждениязда бугеб хIал. Депутатас гражданазул хитIабал хъвана ва абуна гьезул суалал жиндир хъаравуллъиялда рукIине ругилан.

Районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ХIажимурад МухIамадовас баркала кьуна бакълъулазухъе вачIаралъухъ, рахъккеялъухъ ва районалъе гьабураб кумекалъухъ Пачалихъияб Думаялъул депутат ГIабдулмажид Маграмовасе.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## 2017 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIелалъе «Гумбет» газета хъван буго

| Росабазул поселениял | Почалдасан | Редакциялдасан |
|---|---|---|
| МелъелтIа | 204 | 340 |
| ЛъаратIа | 47 | |
| Щабдухъ | 16 | |
| Ингишо | 22 | |
| Данухъ | 52 | |
| Аргъвани | 122 | |
| Щилиникь | 22 | 20 |
| Гъарадирихъ | 65 | |
| Игъали | 89 | 40 |
| Гъоркь Инхо | 73 | |
| ТIад Инхо | 30 | |
| Килалъ | 28 | 30 |
| ЧIикь | 15 | |
| ЧIиркъатIа | 110 | |
| **Кинабниги:** | **892** | **430** |

РОСАБАЛЪА ХАРБАЛ

# Щва мун МагIарухъе бокьараб мехалъ...

### Бакълъулазул нухмалъулел ЛъаратIа росулъ бугеб гьалбадерил рокъоре щвана

**Гумбет районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев ХIажимурад МухIамадов ва районалъул администрациялъул жавабиял хIалтIухъаби щвана ЛъаратIа росулъ бугеб гьалбадерил рокъоре. Гьеб минаялъул халгьабуна ва лъикIаб къимат къуна ХIажимурад МухIамадовас.**



Гьениб буго умумузул цебе заманалъул мебель, цIа-ргI, как тIад балел жал ва цогидабги. ЛъаратIа росдал бетIер Анвар Залумхановасул рагIабазда рекъон, гьалбадерил рокъоре рачIаразда лъазе рес буго Дагъистаналъул тарихалъул батIи-батIиял заманабазда букIараб хIал.

«Гьадинал рукъзал гIуцIулаго, нилъ ургъизе ккола, гьел жанир ругел росабалъ гIумру тIамулел гIадамазул маданияталде гьалбадерил кинаб асар бижизе бугеб абураб суалалда тIад. Росдал гIадамазеги рес щвезе буго цебесеб заманалъул асаралда гъоркье ккезе. Туризм лъугьине буго районалъул экономика цебетIеялъе рес кьолеб бутIалъун. Районалда гьелъие шартIалги руго», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

ВОРЕ ЦIАЛЕ, ЦIАЛЕ, ЦIАЛЕ ДИР ЦIОДОР

# «КIудадал маргъаби»

### Экологиялъул лъагIел, Сталинградалъул рагъалъ 75 сон, цIалдолезул конференция

**Гумбет районалъул лъималазулгун гIолилазул библиотекаялда гIезегIанго хIалтIаби гьарулел руго 2017 абилеб экологиялъул соналда, лъималазул тIахьаздехун рокьи бижизабиялда, машгьурал байрамкъоял кIодо гьариялда хурхун.**

МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби руго гьеб библиотекаялда щиб тадбир тIобитIулеб бугониги, гьелъул хIаракатал гIахьалчагIи. Библиотекаялъул хIалтIухъабаз кинаб хIалтIи тIад кьаниги, гьез заманалда тIубазабула. ТIахьал цIалулезул конференциязда гIахьаллъи гьабула, экологиялъул лъагIелалда тIоритIулел тадбирал гьоркьор риччаларо.

ЦIалдохъаби библиотекаялъул хIалтIухъаби **Хадижат ГIабдунасировагун** ва **Раисат МухIамаднабиевагун** дагьал церегIан къояз ун рукIана рохьоре. Лъай-хъвай гьабуна тIабигIаталъул бечелъабазулгун.

Лъималазулгун гIолилазул библиотекаялда 18 июлалда тIобитIана Сталинградалъе гIоло рагъалъ 75 сон тIубаялда хурхун дандеруссин. ГIолеб гIелалъе ВатIан бокьиялъул тарбия кьеялъе, КIудияб ВатIаниябрагъул тарих лъаялъе, улкаялъул букIинеселъул тIалаб-агъаз гьабиялъе кввербакъи гьабулеб тадбирлъун лъугьана гьеб. Библиотекаялъул нухмалъулей **ПатIимат ХIусейноваль** гIолилазул отделалъул нухмалъулей Хадижат ГIабдунасировалъ, библиотекарь Раисат МухIамаднабиевалъ гIуцIана «Сталинградалъул рагъ» абураб темаялда викторина, гьаруна гара-чIвариял.

21 июлалда гьебго библиотекаялда тIобитIана Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан **ЦIадаса ХIамзатил** «КIудадал маргъаби» абураб тIехьалдасан тIахьал цIалулезул конференция, 3-4 классазул цIалдохъабазда гьоркьоб. ЦIадаса ХIамзатил кучIдул рикIкIана **Сайгибат МухIамадовалъ, ПатIимат ГIабдулкъадировалъ,** «Пил ва цIунцIра» маргъаби рицана **Аминат МухIамадовалъ** ва **ГIашура Зугьайровалъ.**

**Къурмагъиз ХIадисова**

НУСАЗАРГО СОНГИ БАН, ЦОГИ БАЙ МАГIАРУЛАЗ

# Харабазул тIалаб гьаби – жамгIияталъул даражаялъул роцен

**ГIадамал социалияб рахъалъ хьезариялъул Гумбеталда бугеб централъул къад пенсионеразе хъулухъ гьабулеб отделалъул нухмалъулей Раисат ГIумаровалъ, социалиял хIалтIухъаби Маржан Эсенбулатовалъ, Наида Манаповалъ кIудияб кIвар кьола пенсионеразул сахлъи щулалъиялъе, гьезие хIухьбахъи гIуцIиялъе батIи-батIиял тадбирал тIоритIиялде.**

Тренажернияб залалде рачIуна цоцо пенсионерал ва инвалидал. Щибаб соналъ кIодо гьарула халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо – микьабилеб март, харабазул, инвалидазул къоял. Байрамал баркизе гьеб отделалде рачIуна социалияб рахъалъ гIадамал хьезариялъул централъул нухмалъулев **Абакар МухIамадов,** гьеб централъе кураторлъи гьабулев, районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIманов.** Щибаб нухалда пенсионерал церехун цIарал рехсараздаса разилъиялъул асаргун тIадруссуна ва гьезие ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабула. БатIи-батIиял кванил нигIматаз гIуцIараб столалда



нахъа гIодор чIезаричIого цониги нухалъ толаро.

Гьал къояз пенсионералги рачун, отделалъул хIалтIухъаби ана рохьоре, тIабигIат берцинаб бакIалда хIухьбахъи гьабизе. Автомашиналда рекIинарун гьенирeги гьениса рокъореги пенсионерал щвезаруна Мурад Къурбановас. ЛъикIаб хIухьбахъиги гьабун, гьезие баркалаги кьун тIадруссана пенсионерал. Отделалъул хIалтIухъабазул цIаралда хасго лъикIал рагIаби абуна Эзимат МухIамадовалъ, гьарана талихI-рохелги, сахлъиги, хIалтIулъ бергьенлъабиги.

**Къурмагъиз ХIадисова**

КЪУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ, МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

## Мурадбег МухIамадовас бергьенлъи босана грэпплингалъул рахъалъ турниралда

**МелъелтIа гьоркьохъеб школалда цIалулеб мехалдаго спорт бокьулев, гIемерал спортивиял къецазда гIахьаллъун, бергьенлъаби щварав гIолилав вукIана Мурадбег МухIамадов.**



Спорт гьес рехун течIо Дагъистаналъул пачалихъияб халкъияб магIишаталъул университеталде цIализе лъугьиндалги. ГIахьаллъана зоналиял, республикаялъулал къецазда. Ккуна призалъулал бакIал. Гьизляралда гьал къояз тIобитIараб турниралда, 92 килограммалде щвезегIан цIайиялда DAG LIONS 2 грэпплингалъе гьес бергьенлъи босана.

Баркула Мурадбегида бергьенлъи ва хадубккунги икъбал гьарула.

**«Гумбет» РИО**

ЛЪАДАРИ

# Бергьана инхвал ва мелъел

### ЛъаратIа: мини-футболалъул рагьараб турнир

**Дагъистаналъул Конституциялъул къоялъул хIурматалда, Гумбет районалда тIобитIана мини-футболалъул рагьараб турнир. Гьеб тадбир гIуцIана районалъул администрациялъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъ, гьелъул нухмалъулесул заместитель НурмухIамад МухIамадовасул бетIерлъиялда.**



Гьеб тадбир тIобитIана «Гумбеталъул гIолилал – экстремизмалда, терроризмалда ва наркоманиялда данде» абураб ахIиялда гъоркь. Къецал ана батIи-батIияб ригьалъул гIолилазул командабазда гьоркьор. 10-14 сон баразул 5 команда, 15-25 сон баразул 15 команда гIахьаллъана. «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев **ХIажимурад МухIамадовас** баркана турниралъул гIахьалчагIазда гьеб рагьи ва гьарана къецазда бергьенлъаби. Абуна спорт ракълил чапар кколин, гьелъ щулияб сахлъиялда гIумру гьабиялъе кквербакъулин, гьадинал тадбираз гIадамал цоцалъ рекъон рукIиналъе, гIолеб гIелалъе лъикIаб тарбия щвеялъе кумек гьабулин.

Къецазда 10-14 сон баразул командабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI «Гъоркь Инхо», кIиабилеб бакI «МелъелтIа» ва лъабабилеб бакI «Килалъ» командабаз ккуна. 15-25 сон баразул командабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI «МелъелтIа «ЛФК», кIиабилеб бакI «МелъелтIа», лъабабилеб бакI «ЛъаратIа» командабаз ккуна.

Бергьенлъи босаразе Гумбет районалъул администрациялъ кьуна гIарцулал сайгъатал ва дипломал.

**«Гумбет» РИО**

ДОКУМЕНТЫ

# Глава муниципального района «Гумбетовский район»

## Распоряжение

## О подготовке и празднованию 220- летия со дня рождения имама Шамиля

Во исполнения Указа Главы Республики Дагестан от 2 мая 2017 года № 93 «О праздновании 220-летия со дня рождения имама Шамиля»:

1. Образовать организационный комитет по подготовке и празднованию 220-летия со дня рождения имама Шамиля (далее- организационный комитет) и утвердить его состав согласно приложению.

2. Организационному комитету разработать и утвердить план мероприятий по подготовке и празднованию 220-летия со дня рождения имама Шамиля.

3. Рекомендовать главам администраций сельских поселений и руководителям учреждений и организаций района принять участие в осуществлении мероприятий, связанных с подготовкой и проведением празднования 220-летия со дня рождения имама Шамиля.

**И.о. главы Х. Магомедов**

**Приложение**
**к распоряжению главы МР «Гумбетовский район» от 25.07. 2017 г. № 58**

### Состав организационного комитета по подготовке и празднованию 220-летия со дня рождения имама Шамиля

| | |
|---|---|
| Магомедов Хаджимурад Сайгидмагомедович | И.о. главы МР «Гумбетовский район» (председатель организационного комитета) |
| Сулайманов А.М. | зам.гл.администрации, зам.председателя |
| Ахмеднабиев Ш.М. | зам.гл.администрации, зам.председателя |
| Салатгереев И.С. | Руководитель аппарата АМР «Гумбетовский район» |
| Курамагомедов М.Б. | Начальник отдела образования АМР «Гумбетовский р-он» |
| Умардибиров М.М. | Начальник отдела культуры, спорта и МП АМР «Гумбетовский район» |
| Магомедов Н.Х. | Зам.начальника отдела культуры, спорта и МП АМР «Гумбетовский район» |
| Изудинов Г.М. | Руководитель РИО-Гумбет |
| Сайгидахмедов М.М. | Главный врач ГБУ РД «Гумбетовская ЦРБ» (по согласованию) |
| Магомедов Х.Д. | Глава АСП «село Чирката» (по согласованию) |
| Каримов А.Т. | Глава АСП «село Килятли» (по согласованию) |
| Ибрагимов А.А. | Глава АСП «сельсовет Аргванинский» (по согласованию) |
| Тимирсултанов Ю. | Имам Гумбетовского района (по согласованию) |
| Алимирзаев А.А. | Председатель общественного Совета Гумбетовского района (по согласованию) |
| Нажуев У.Н. | Председатель Совета ветеранов войны и труда Гумбетовского района (по согласованию) |
| Сулейманов М.М. | Руководитель Гумбетовского местного отделения ООО ИВА (по согласованию) |
| Ахмедибиров Н.А. | Директор Гумбетовского центра традиционной культуры народов России |
| Халидов Х.А. | И.о. директора Гумбетовской ЦБС |
| Ибрагимов И.Р. | Директор филиала Дагестанского государственного объединенного музея истории и архитектуры им. Алибека Тахо-Годи с.Чирката (по согласованию) |
| Магомедов С.М. | Директор МКОУ «Игалинская СОШ» |
| Шарапудинов И.Ю. | Член союза писателей России (по согласованию) |
| Абдурахманов Р.М. | Учитель истории МКОУ «Мехельтинская ООШ» |

### Информация о вакансиях в общеобразовательных организациях Гумбетовского района на 2017-2018 учебный год

| Наименование предмета | Наименование школы, ее адрес, телефон | Учебная нагрузка | Жилье |
|---|---|---|---|
| Математика | МКОУ «Цилитлинская СОШ», 368939, РД, Гумбетовский район, с Цилитль. Тел: 8-928-054-82-80 | 14 | Частная (съемная квартира) |
| Физика | МКОУ «Цилитлинская СОШ», 368939, РД, Гумбетовский район, с. Цилитль. Тел: 8-928-054-82-80 | 10 | Частная (съемная квартира) |
| | МКОУ «Тляратинская СОШ» 368930, РД, Гумбетовский район, с. Тлярата. Тел: 8-928-059-84-16 | 6 | |
| | МКОУ «Арадирихская СОШ», 368938, РД , Гумбетовский район, с.Арадирих. Тел: 8-928-525-00-48 | 10 | |
| | МКОУ «Ново-Аргванинская СОШ», 368921, РД , Гумбетовский район, с.Ново-Аргвани. Тел: 8928-063-92-50 | 16 | |
| Химия | МКОУ «Килятлинская СОШ», 368936, РД, Гумбетовский район, с. Килятль. Тел: 8-906-446-02-17 | 8 | Частная (съемная квартира) |
| | МКОУ «Кунзахская ООШ», 368934, РД, Гумбетовский район, с.Кунзах. Тел: 8-967-392-80-91 | 4 | |
| География | МКОУ «Мехельтинская СОШ», 368930, РД, Гумбетовский район, с. Мехельта. Тел: 8-928-054-87-79 | 16 | Частная (съемная квартира) |
| | МКОУ «Мехельтинская ООШ» 368930, РД, Гумбетовский район, с. Мехельта. Тел: 8-906-482-41-01 | 8 | |
| Русский язык | МКОУ «Ново-Аргванинская СОШ», 368921, РД , Гумбетовский район, с.Ново-Аргвани. Тел: 8-928-063-92-50 | 18 | Частная (съемная квартира) |
| | МКОУ «Кунзахская ООШ», 368934, РД, Гумбетовский район, с.Кунзах. Тел: 8-967-392-80-91 | 18 | |
| Английский язык | МКОУ «Ново-Аргванинская СОШ», 368921, РД , Гумбетовский район, с.Ново-Аргвани. Тел: 8928-063-92-50 | 18 | Частная (съемная квартира) |
| | МКОУ «Цилитлинская СОШ», 368939, РД, Гумбетовский район, с Цилитль. Тел: 8-928-054-82-80 | 27 | |
| | МКОУ «Кунзахская ООШ», 368934, РД, Гумбетовский район, с.Кунзах. Тел: 8-967-392-80-91 | 18 | |

**По федеральной целевой программе (ФЦП) «Устойчивое развитие сельских территорий на 2014-2017 годы и до 2020 года» в районе проводится работа по предоставлению социальной выплаты на строительство (приобретение) жилья для молодых специалистов, пожелавших работать в сельской местности.**
**Тел. для справок: 26-214 (раб.) 89640050413 (моб.) – Сулайманов А.М. – зам.главы администрации района;**
**26-236 (раб.) 89288307537 (моб.) – начальник отдела образования района.**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул кватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.